



Pou Piblikasyon Imedya: 13/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU KONSTWI TÈRMINAL ENTÈNASYONAL  
KLAS MONDYAL NAN AYEWOPO JFK K AP KOUTE 9.5 MILYA DOLA**

***Yo pral konstwi Tèminal Entènasyonal ki mezire 2.4 milyon pye kare an plizyè faz  
sou sit T1, T2, aktyèl yo ak ansyen T3***

***Patenè prive yo pral bay finansman pou kouvri tout depans tèminal yo;  
Otorite Pòtyè a pral konstwi enfrastrikti woutyè ak sèvis piblik sipò yo***

***Yo prevwa inogirasyon an 2022; Nouvo premye pòtay yo pral en fonksyon an  
2026***

***Pwojè a pral kreye plis pase 10,000 djòb ototal ak 6,000 djòb nan domèn  
konstriksyon***

***Avanse plan pou gen yon ayewopò modèn inifye ki gen ekipman klas mondyal  
pou pasaje yo, sekirite modèn ak aksè ak otowout ki senplifye***

***Gen ladan yon objektif MWBE ki egal a 30 pousan pou kontra ak enterè  
finansman;***

***Opòtinite elaji pou biznis lokal yo ak moun k ap chèche travay yo ki gide pa  
Konsèy Konsiltatif Kominotè a***

***Reprezantasyon grafik yo disponib [isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) te rive jwenn yon akò revize ak The New Terminal One (NTO) - yon konsòsyòm esponsò finansye - pou konstwi yon nouvo tèminal entènasyonal ki mezire 2.4 milyon pye kare ki pral sèvi ankraj pou zòn sid Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy (John F. Kennedy International Airport) a. Yo pral konstwi pwojè 9.5 milya dola an plizyè faz epi li pral kreye plis pase 10,000 djòb, sa k ap fè li vin katriyèm gwo pwojè terminal ke Otorite Pòtyè a te anonse nan kad yon transfòmasyon konplè JFK an yon ayewopò klas mondyal ke New York ak rejyon an merite. Lè yo fini, The New Terminal One pral pi gwo tèminal entènasyonal nan JFK epi li aspire fè pati tèminal ayewopò ki nan tèt lis yo nan mond lan.

"Pandan n ap rekipere apre pandemi sa a, mwen vle asire ke tout moun k ap vwayaje nan New York gen yon eksperyans akeyan epi ki senpenplifye, epi Nouyòkè yo gen sant transpò modènize ke yo merite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè pou nou rann yo fè gwo pwojè enfrastrikti a se kounye a, epi mwen pran angajman pou m fè yo mete nouvo Tèminal One JFK a sou pye epi fini pi vit jan sa posib."

Konsèy Komisè Otorite Pòtyè a pral vote sou kontra lwaye yo pwopoze a nan reyinyon li a jedi. Konsòsyòm NTO ki gen ladan patnè finansye Carlyle, JLC Infrastructure ak Ullico pral finanse yon fason prive depans total tèminal la. Yon antrepriz konjwen Munich Airport International ak CAG Holdings se patnè operasyon ak sèvis teknik konsòsyòm lan.

Kòm yon pati nan pwojè a, Otorite Pòtyè a pral antreprann yon kantite amelyorasyon nan enfrastrikti ak amelyorasyon ki gen ladan wout, pakin, ak sèvis piblik ki gen ladan yon nouvo soustasyon elektrik. Yo pral bati New Terminal One lan sou sit Tèminal 1 ki pa gen espas ase epi ki demode a, Tèminal 2 ki gen 59 ane ki ansyen epi ki demode, ak sit ansyen Tèminal 3 a ki te demoli an 2013. Konstriksyon nouvo tèminal la pwograme pou li kòmanse nan mitan 2022 epi premye faz la, ki gen ladan nouvo sal arive ak depa ak premye seri nouvo pòtay yo, prevwa ouvri an 2026.

Okòmansman yo te prevwa pwojè a ap kòmanse an 2020. Akòz enpak sevè COVID-19 la sou vwayaj aeryen, yo te bezwen restriktire kondisyon akò a. Akò restriktire yo te anonse jodi a make yon gwo etap an avan nan plan anbisyè pou transfòmè JFK an yon pòtay mondyal 21èm syèk inifye. Nouvo tèminal la pral konstwi an plizyè faz, an fonksyon nivo trafik entènasyonal pasaje yo, ak finisman konplè ke yo prevwa apeprè an 2030.

New Terminal One lan pral finalman gen 23 nouvo pòtay, ansanm ak koulwa enskripsyon klere ak ayere ak espas arive ki fèt pou amelyore eksperyans kliyan an epi fè konpetisyon ak kèk pami tèminal ayewopò ki nan tèt lis yo nan mond lan. Kliyan yo pral jwi enstalasyon restoran ak magazen ki vann an detay klas mondyal, ki gen enspirasyon New York, ansanm ak espas pou salon, yon espas vèt enterè ak amenajman ki adapte pou fanmi yo. New Terminal One lan pral enkòpore dènye pwogrè yo nan alafwa dirabilite ak sekirite epi epi ranpli ak yon santiman apatenans ki inik ak New York.

Nan mwa oktòb 2018, apre yon revizyon konpetitif sou pwopozisyon lokasyon, Otorite Pòtyè a te antre an negosyasyon eksklizif pou devlopman de nouvo tèminal entènasyonal majè, youn nan chak sou bò nò ak sid ayewopò a, ki ta mennen transfòmasyon JFK ak ogmante kapasite ayewopò a pou akomode kwasans yo prevwa a.

Anons jodi a reflekte yon vòt konfyans siyifikatif pa sektè prive a nan avni Ayewopò JFK, retou vwayaj aeryen, ak rekipèrasyon ekonomik rejyon an. Yon eleman kle nan akò restriktire a se yon akò kontra lwaye pwolonje jiska 2060 pou bay ase tan apre tèminal la ouvri pou pèmèt investisè prive yo rekipere investisman plizyè milya dola pa

yo. Ekstansyon ijans sou dis ane Vil New York la nan kontra lwaye prensipal pou Ayewopò JFK, ki te etabli pou ekspire an 2050, pèmèt eleman enpòtan sa a nan akò restriktire avèk NTO.

Semèn sa a, Komisyon Konsèy Otorite Pòtyè a pral vote tou sou otorizasyon tout 2.9 milya dola finansman ki te enkli nan Plan Kapital la 2017-2026 Otorite Pòtyè a pou pwogram Redevlopman JFK. Yo atribye finansman sa pou pèmèt enfrastrikti nan sipò dirèk nan Redevlopman JFK, ki gen ladan amelyorasyon wout, sèvis piblik yo, enstalasyon pakin amelyore, yon sant transpò tèrès ak travay tèren avyasyon. (Jiska dat, yo te otorize apeprè 1.24 milya dola nan fon sa atravè aksyon Konsèy separe.) Kidonk, kapital Otorite Pòtyè a pral pwofite investisman prive nan yon pousantaj plis pase 5:1 lè li konsidere investisman prive total ki plis pase 15 milya dola ki te angaje nan kat pwojè ki gen ladann pwogram redevlopman JFK konplè a.

Devlopman New Terminal One la prevwa bay plis pase 10,000 djòb total ki gen ladan plis pase 6,000 djòb konstriksyon sendika.

NTO se yon konsòsyòm prive ki gen ladan Carlyle, JLC Infrastructure (ki te fòme an 2015 pa Loop Capital ak Magic Johnson Enterprises), ak Ullico (sèl konpayi asirans ak investisman ke travayè posede), epi ki sipòte pa Reach Airports, yon antrepriz konjwen ant Munich Airport International ak platfòm ayewopò Carlyle a, CAG Holdings, k ap bay sèvis teknik. NTO te chwazi yon ekip konsepsyon konstriksyon, ki te dirije pa AECOM Tishman, ak Gensler, yon konpayi konsepsyon ak achitekti.

Patisipasyon JLC kòm yon investisè nan aksyon ke minorite posede nan pwojè a remakab non sèlman nan sa ki kontinye tandans eta a nan konpayi MWBE k ap kreye richès nan investi yon gwo patenarya piblik prive - odela founiti machandiz ak sèvis tankou kontra konstriksyon - men li fè sa nan nivo 30 pousan, ki alafwa istorik epi k ap mennen nan nasyon an.

Enstalasyon pasaje yo nan New Terminal One lan pral prezante zòn datant ki siyifikatifman pi laj ak plafon ki wo, limyè natirèl ak achitekti modèn ki makonnen ak espas enteryè vèt, ekspozisyon ak atizay ki reprezante moniman anblematik New York yo ak atis lokal yo. Restoran ak ba klas mondyal ki vann an detay, pral gen ladan pwopriyete restoran ki enspire lokalman, opsyon bwason atizanal ak magazen Taste NY yo. Wi-Fi gratis, epi ki vitès rapid ak anpil estasyon rechaj nan tout tèminal la pral pèmèt pasaje yo rete konekte nan chak etap nan vwayaj yo.

Teknoloji modèn pral plis amelyore eksperyans ak sekirite kliyan an nan nouvo tèminal la epi yo pral gen ladan eleman tankou vwayaj pasaje san kontak, jesyon dijital fliks ak liy atant pasaje, liy sekirite TSA gen ladan teknoloji modèn, analiz rechèch videyo avanse, sistèm kontwòl aksè ki baze sou byometrik ak yon konsepsyon fleksib pou akomode fiti teknoloji ak/oswa chanjman règleman yo.

Amelyorasyon dirabilite pral gen ladan itilizasyon teknoloji enèji renouvlab tankou yon sistèm dlo cho solè, de-jivraj ak rekiperasyon likid nan avyon, ak konvèsyon ekipman

sèvis dyezèl nan sòl nan flòt sèvis nan sòl elektrik atravè ayewopò a - tankou traktè bagaj ak chajè a band elektrik.

Plan pou New Terminal One bati sou momantòm lòt twa eleman majè nan transfòmasyon ayewopò a. Devlopman 3.9 milya dola yon nouvo Tèminal 6 dènye modèl, ke JFK Millennium Partners pral konstwi sou bò nò ayewopò a ki pral konekte san pwoblèm ak Tèminal 5 JetBlue ki egziste deja te apwouve pa Konsèy Komisyonè Otorite Pòtyè a nan mwa out la. Ekspansyon nan Tèminal 4 la ki koute 1.5 milya dola, ki te dirije pa Delta ak JFK International Air Terminal, ki te apwouve nan prentan pral kòmanse konstriksyon nan fiti imedya. Anplis de sa, travay te kòmanse an desanm 2019 sou ekspansyon 425 milyon dola nan Tèminal 8 JFK a, ki te dirije pa American Airlines, ki opere tèminal la, ak British Airways, ki pral demenaje pou ale nan Tèminal 8 la soti nan Tèminal 7 la, ke yo etabli ki dwe demoli pou fè wout pou nouvo Tèminal 6 la.

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare,** "Otorite Pòtyè a pran angajman pou rekonstwi ak transfòme ayewopò nou yo pou vin tounen enstalasyon klas mondyal ke rejyon an merite. Pwojè New Terminal One lan nan JFK pral respekte angajman sa a. Anons jodi a pwoklame byen fò konfyans sektè prive a genyen nan avni Ayewopò JFK ak rejyon nou an. Nan moman pik pandemi an, lè Ayewopò JFK te konstate yon de pousan enpansab nan volim pasaje li yo anvan Covid, nou pa te janm pèdi fòkis nou pou jwenn yon chemen pou pi devan pou tèminal klas mondyal sa a ki aspire vin youn pami pi bon yo nan mond lan. Nou remèsye Gouvènè Hochul pousipò san fay li nan pwojè a. Nou remèsye ekip devwe nou an ak patnè nou yo pou efò ekstraòdinè pou fè Ayewopò JFK tounen yon pòtay mondyal premye plan ke Nouyòkè yo ak rejyon an merite."

**Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare,** "Akò sa a pou konstwi yon nouvo Tèminal En nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy demontre angajman Otorite Pòtyè New York & New Jersey ak patnè prive nou yo pou sèvi rejyon nou an atravè kèk nan moman ki pi difisil nan stwa 100 ane ajans nou an. Avanse ak pòtay entènasyonal dènye modèl sa a, ak nivo ekstraòdinè investisman prive li pote a, pral kreye plizyè milye travay konstriksyon ki byen peye epi ki enpòtan pou rekiperasyon nou anba pandemi an, pandan n ap bati fondasyon kwasans ekonomik pou plizyèdeseni k ap vini yo."

Ayewopò JFK a se youn nan motè ekonomik ki pi pwisan nan rejyon an yo, ki ap sipòte prèske 300,000 pòs travay ki peye 16.2 milya dola nan salè chak ane pandan ke yo ap jenere 45.7 milya dola nan lavant anyèl yo. Anvan pandemi an te deklannche, ayewopò a te etabli yon rekò de prèske 62.6 milyon pasaje an 2019.

### **Reyamenaje JFK Airport dekonsè ak kominote lokal la**

An 2018, yo te fòme Konsèy Konsiltatif Kominotè pou Devlopman JFK (JFK Redevelopment Community Advisory Council). Li ko-prezide pa Reprèzantan Ameriken Gregory Meeks ak Prezidan Minisipalite Queens lan Donovan Richards epi li gen ladan fonksyonè eli, konsèy kominotè, biznis ak òganizasyon san bi likratif, òganizasyon sivik

ak lidè relijye yo nan kominote lokal yo vize nan Sidès Queens, Sidwès Queens, Rockaways yo ak pati lwès yo nan Konte Nassau. Depi kreyasyon li, Konsèy Konsiltatif la ap travay avèk Otorite Pòtyè a pou elaji efò sansibilizasyon kominote a epi devlope pwogram ki fòkis sou kominote a, asire ke pwojè anbisyè sa a mande opinyon kontinyèl moun ki gen enterè lokal yo epi bay opòtinite siyifikatif pou biznis lokal yo, MWBE yo, etidyan yo ak moun k ap chèche travay yo.

Sa gen ladann pwogram pou avanse angajman Otorite Pòtyè a pou yon 30% objektif kontra pou Biznis ak Antrepriz ke Minorite yo ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBE) nan tout kategori travay, ak yon konsantrasyon espesyal sou opòtinite pou biznis lokal yo atravè tout aspè nan pwogram Redevlopman JFK, ki gen ladan pwojè tèminal sa a, ki pral bati pa travayè sendika dapre yon akò pwojè travay konplè. Lòt inisyativ devlopman kominotè ke Konsèy la priyòrizè konsantre sou opòtinite travay ak pwogram devlopman mendèv pou rezidan lokal yo, sansibilizasyon ak devlopman ti biznis yo, ak pwogram edikatif pou etidyan lokal yo.

Sant Enfòmasyon Kominotè Redevlopman JFK (JFK Redevelopment Community Information Center) te ouvri nan Jamaica, Queens nan kòmansman 2019, sa ki ap bay aksè ki pi fasil pou antrepriz yo ki ap chèche opòtinite biznis, rezidan lokal yo nan rechèch travay, oswa vwazen k ap chèche plis enfòmasyon sou pwojè a.

**Doktè Gerrard P. Bushell, Prezidan Egzekitif New Terminal One lan, te deklare,** "Avèk sipò Gouvènè Hochul ak Otorite Pòtyè a, nou pral bay yon tèminal klas mondyal, k ap rann patisipasyon MWBE Eta New York k ap mennen nan nasyon an rive nan yon lòt nivo epi ede ankouraje kwasans ekonomik rejyonal. Nou pral respekte angajman nou pandan plizyè ane tou pou devlopman kominotè a nan Sidès Queens, ak yon ogmantasyon nan kantite travay lokal yo, pwogram edikatif yo ak devlopman kapasite ti biznis yo."

**Jim Reynolds, ki se Patnè Jeran nan JLC Infrastructure, te deklare,** "Gouvènè Hochul, Direktè Egzekitif Pòtyè a Rick Cotton ak tout ekip Pòtyè a te travay san pran souf pou fè pwojè sa a reyalize paske yo pran angajman pou bay tout Nouyòkè yo opòtinite reyèl. New Tèminal One la chanje tandans pou patenarya piblik-prive lè li angaje kominote lokal la pou l bay yon etablisman klas mondyal. Li pral sèvi kòm yon modèl pou gwo pwojè enfastrikti atravè peyi a."

**Edward M. Smith, Direktè Egzekitif Jeneral Ullico, te deklare,** "Nou franchi yon gwo etap pi pre pou reyalize pwomès bon travay pou Queens k ap travay di ak pou rezidan rejyonal yo. Atravè patenarya li yo ak travayè, angajman pou aprantisaj ak sipò pou inisyativ kominotè lokal yo, New Terminal One ap kreye opòtinite pou moun k ap travay di ki bati ak opere JFK yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou sipò esansyèl li nan reyalizasyon jodi a."

**Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare,** "Ayewopò nou yo se pòtay nou yo nan mond lan, epi yo dwe akeyan, an sekirite epi reprezante vil dinamik nou an k ap mennen nan mond lan. Envestisman masis sa a nan Ayewopò JFK pral modènize pò ki

pi enpòtan nou an, amelyore eksperyans vwayaj pou vwayajè yo, epi enjekte plizyè milya dola nan ekonomi lokal nou an. Mwen felisite Gouvènè a ak Otorite Pòtyè a dèske yo mete ansanm akò enfrastrikti istorik sa a."

**Manm Kongrè Gregory W. Meeks, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Otorite Pòtyè a paske yo rie jwenn akò sa a. Kòm Ko-Prezidan Konsèy Konsiltatif Kominotè pou Redevlopman JFK a, se yon plezi pou mwen travay ak Otorite Pòtyè a pou kreye de milye travay ki benefisye MWBE yo ak antrepriz lokal yo. Mwen felisite Rick Cotton, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, pou lidèchip li. Lè transfòmasyon sa a fini, New York pral dirije mond lan pami ayewopò entènasyonal modèn 21èm syèk yo."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards Jr. te deklare,** "Mwen kontan anpil paske pwojè Tèminal One lan ap vanse epi byento pral pote yon nouvo tèminal entènasyonal briyan nan Ayewopò JFK. Nouvo Tèminal One lan pral ranpli ak opòtinite ekonomik pou konpayi MWBE ak biznis nou yo ak bèl ekipman ki pral fè li tounen yon kote ki akeyan pou vwayajè entènasyonal k ap rive epi k ap soti nan 'Minisipalite Mond Lan' (The World's Borough). Mèsi anpil a Gouvènè Hochul ak Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey pou tout travay san enfatigab ak patenarya yo."

**Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou m wè Tèminal 1 an pral sibi yon transfòmasyon ki nesèsè anpil epi li pral resevwa investisman ki nesèsè pou kreye yon tèminal entènasyonal klas mondyal ke Minisipalite Queens merite. Nou ap voye yon mesaj bay tout moun k ap vizite ke New York solid, e ke nou akeyi tout moun isit la. Li pa te janm te pi enpòtan pou nou investi nan enfrastrikti ayewopò nou yo ki aje, e mwen byen kontan ke Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a, ak gwoup NTO yo te kapab mete tèt yo ansanm. Pwojè sa a pral bay Queens travay ki nesèsè anpil, ak opòtinite pou machann lokal yo pote kilti Queens sa a nan 'Papòt' Vil New York."

**Vivian Cook, ki se Manm Asanble a te deklare,** "Mwen kontan anpil paske pwojè enfrastrikti sa a ki nesèsè anpil ofisyèlman demare. Antanke youn nan vil ki pi okipe nan mond lan, Vil Nouyòk merite enfrastrikti vwayaj ki aktyalize."

**Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare,** "Plan pou yon nouvo Tèminal 1 nan Ayewopò Entènasyonal JFK pral transfòme etablisman an nan yon sant transpò klas mondyal, pandan y ap mennen investisman prive istorik nan Vil New York ak nan moun k ap travay li yo ak kreyasyon plizyè dizèn milye karyè klas mwayèn pandan konstriksyon an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan fè avanse pwojè monimantal sa a epi nou ap tann ak enpasyon pou nou kòmanse travay pou konstwi yon etablisman premye plan ki renome nan lemond antye."

**Manm Konsèy eli Nantasha M. Williams (D-27), te deklare,** "Kòm ansyen Manadjè Relasyon Kominotè ak Afè Ekstèn pou pwogram Redevlopman JFK a, mwen konnen Ayewopò Entènasyonal JFK a non sèlman se yon patnè pou moun Queens yo, men pou tout Nouyòkè ak moun ki nan zòn Tri-State yo. Investisman sa a nan Ayewopò

Terminal One JFK a montre devouman Gouvènè Hochul ak lidèchip solid li nan asire nou soti anba pandemi sa a menm pi byen pase anvan. Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè a ak New Terminal One lan nan Ayewopò JFK ak kominote Sidès Queens yo epi m ap tann ak enpasyans pou m vin yon patnè solid pou asire ke dola sa yo depanse avèk efikasite ak kominote ki nan kè li. Jodi a nou ap selebre, e nan jou kap vini yo n ap kontinye travay avèk dilijans pou nou reprann pi byen."

**Manm Konsèy I. Daneek Miller, te deklare,** "Sidès Queens se papòt Vil la pou anpil vwayajè entènasyonal, epi li enteresan pou nou gen envèstisman klas mondyal nan lakou nou an. Sa ki pi enpòtan, li esansyèl pou nou gen yon patenarya solid pou ti biznis lokal yo, ansanm ak MWBE pou fè pati pwosesis sa a. Angajman kominote a tèlman enpòtan pou yon pwojè gwo sa a, e nou rekonesan ak tout patnè ki te fè aspè sa a nan pwojè a yon priyorite."

**Justin Rodgers, ki se Prezidan pa Enterim ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Jamaica Development Corporation, te deklare,** "New Terminal One lan se yon opòtinite enteresan pou sidès Queens. Nou pare pou sipòte Gouvènè a ak Eta a pandan y ap chèche biznis ki kalifye pou sipòte inisyativ enfrastrikti masif sa a."

**Kathryn Wylde, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral pou Partnership for New York City, te deklare,** "Devlopman nan JFK montre kijan Gouvènè Hochul ap akselere modènizasyon enfrastrikti transpò rejyon an, lè li sèvi avèk patenarya piblik-prive pou asire gwo amelyorasyon sa yo fini alè ak dapre bidjè a. Sa a se yon modèl sou fason li pral pwofite nouvo pwogram finansman federal yo pou amelyore enfrastrikti eta a ki aje."

**Carlo A. Scissura, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, New York Building Congress, te deklare,** "Pou New York rete konpetitif, nou dwe kreye bon djòb nan konstwi enfrastrikti 21èm Syèk. Anons Gouvènè Hochul jodi a pral fè egzakteman sa. Akò renouvle sa a pral transfòme JFK an yon ayewopò klas mondyal ki pral fè anvi nasyon an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li kontinye investi nan enfrastrikti New York epi li rekonèt djòb ak opòtinite sa yo kreye lè li fè sa."

**Doktè Berenecea Johnson Eanes, Prezidan York College/CUNY te deklare,** "Sa a se yon bon nouvèl e nou espere kontinye fè patenarya ak Ayewopò JFK pou bay fòmasyon, travay, ak opòtinite estaj pou etidyan nou yo ak kominote a."

**Thomas J. Grech, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Quee lan, te deklare,** "Envestisman sa a nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy pral gen yon enpak transfòmatif sou Queens ak tout rejyon an, amelyore yon pati enpòtan nan enfrastrikti transpò nou an, kreye travay ak katalize aktivite ekonomik ki sipòte biznis lokal nou yo. Queens fyè dèske li se minisipalite aviyasyon an, epi kominote biznis nou an pral kontinye konte sou ayewopò nou yo pou sipòte rekipèrasyon ekonomik nou an. Nan non 1,400 biznis manm nan Chanm Komès Queens lan, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Otorite Pòtyè a pou anons enteresan sa a. Chanm Queens lan pral kontinye dirije efò pou ede epi mete biznis MWBE yo nan pwojè sa a."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)